



Pou Piblikasyon Imedya: 20/05/2015

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

## GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE AKIZISYON TEREN POU PWOTEJE KALITE DLO NAN LAK GEORGE

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse akizisyon eta sou Etan Berry Preserve nan Konte Warren, sa ki te acheve pou pwoteje kalite dlo nan Lak George ak afliyan li yo. Eta New York te achte pwopriyete 1,436-kawotè nan Lake George Land Conservancy avèk \$1.7 milyon nan Fon Pwoteksyon Anviwonman. Gade yon kat [la](#).

“Lè yo achte tè sa a, Eta ap kanpe pou pwoteje sante ak vitalite Lak George ansanm avèk kominote avwazinan yo,” Gouvènè Cuomo te deklare. “Etan Berry Preserve se yon pati entegral alafwa nan eko-sistèm lokal ak ekonomi rejyon an, e nou pral asire ke li rete san polyan ak aksesib pou fanmi ansanm avèk vizitè yo pou pwofite pou ane kap vini yo.”

Etan Berry Preserve sitiye nan vil Konte Warren nan Lak George, Lak Luzerne ak Warrensburg, e li gen ladan sous dlo Lwès Brook, yon gwo afliyan nan basen sid nan Lake George. Akoz kalite dlo nan pati sa nan Lake George lye etwatman avèk sante Lwès Brook, achte lotisman pral ede pwoteje dlo sa yo. Pwopriyete a pral ajoute nan Prezèvasyon Forè Eta e eta pral peye pwopriyete lokal annantye ak taks lekòl sou nouvo teren ke yo achte a.

Land Conservancy Lake George te achte prezèvasyon an nan janvyè 2008 kòm yon pati entegral nan Inisyativ Konsèvasyon Lwès Brook, sa ki fèt pou konsiderableman redwi sediman ak polyan ki aktyèlman ap kouri libreman nan Lwès Brook e, annaprè, nan Lake George toupre Plaj “Million Dollar”. Sa a se yon efò kowòdone pa Konte Warren, Vilaj Lake George, Eta New York, Lake George Land Conservancy, Fon pou Lake George ak Asosyasyon Lake George.

Senatè Betty Little te deklare, “Plizyè dizèn milye vizitè pral desann byento nan Lake George pou admire bote l pandan sezon ete ki okipe anpil la. Pwoteje byen enkwayab sa bon pou anviwonman ak pou ekonomi an. Acha sa pral ede asire yon sous dlo ki esansyèlman enpòtan pou sante Lake la pwoteje pou jenerasyon kap vini yo.”

Manm asanble Dan Stec te deklare, “Pwoteje dlo Lake George kontinye pou l yon priyorite pou Eta New York. Bay aktivite rekreyasyon adisyonèl pral yon benefis ekonomik pou tout rejyon an.”

Manm Komisyon Depatman Konsèvasyon Pwoteksyon Anviwònman (DEC), Joe Martens, di konsa. “Gouvènè Cuomo angaje pou ede kominote yo toupatou nan eta gen aksè a resous natirèl pou bay opòtinite rekreyasyon enteresan pou rezidan ak vizitè yo, sa ki pral benefisye tou ekonomi rejyonal la. Acha Berry Pond Preserve ede ranfòse plis objektif sa a epi pwoteje yon afliyan enpòtan nan basen vèsan Lake George.”

Konekte preske 10,000 kawo tè pwoteje, lotisman Berry Pond relye Mòn Prospect, teren Nature Conservancy posede, dwa pasaj teren forestye dirab Depatman Konsèvasyon Anviwonman ak lòt espas lib Vilaj ak Vil Lake George posede. Lokalize akote Sant Rekreyasyon Lake George ki egziste deja, lotisman Berry Pond bay resous rekreyasyon anplennè pwolonje ki enpòtan pou rezidan ak vizitè yo, enkli pis Klip Motonèj South Warren yo te itilize.

Direktè Egzekitif Lake George Land Conservancy Jamie Brown te deklare, “Nou kontan dèske Eta New York te achte Berry Pond epi ajoute teren an nan Adirondack Forest Preserve. Nou remèsye Gouvènè Cuomo paske li sipòte pwoteksyon pèmanan teren sa yo ki esansyèl pou kenbe yon gwo afliyan Lake George, e sepandan lake la an li menm, pwòp pou rezidan ak envite yo pwofite. Posibilite rekreyasyon an egalman anpil, e nou rekonesan a Eta paske li te idantifye lotisman Berry Pond kòm yon anviwonman enpòtan ansanm avèk atou ekonomik grasa lwazi touris.”

Kevin Geraghty, Prezidan Konsèy Sipèvizè Konte Warren, te deklare, “Pwoteje dlo Lake George la enpòtan pou ekonomi Konte Warren ansanm avèk anviwonman an. Sa a se yon lòt etap nan bon direksyon pou pwoteje ‘Rènn Lake Ameriken yo.’”

Robert Blais, Majistra Vilaj Lake George, te deklare, “Acha a pral pèmèt Lake George Land Conservancy kontinye travay enpòtan yo nan pwoteje basen vèsan nou an, kreye opòtinite lwazi adisyonèl epi prezève gwo resous fizik nou an.”

Sipèvizè Vil Lake George Dennis Dickinson te deklare, “Mwen te viv nan zòn sa pandan tout lavi mwen, mwen konnen nou bezwen pwoteje kalite dlo ak anviwonman nou an.

Pwopriyete sa se yon atou ki pral prezève kalite dlo nan basen Lake George pou kounye a ak nan lavni. Nou apresye sipò sa a, sa ki pral benefisye kominote nou an ansanm avèk tout Nouyòkè yo.”

Sipèvizè Vil Lake Luzerne Gene Merlino te deklare, “Mwen kontan dèske Gouvènè Cuomo ap kontinye travay avèk vil ak konte yo nan North Country pou sipòte bezwen nou yo. Acha Berry Pond pral yon avantaj pou rejyon nou an.”

Lotisman an enkli nan Plan Konsèvasyon Espas Lib eta kòm yon pwojè konsèvasyon priyorite.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Executive Chamber | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418